


Date Printed: 04/20/2009

JTS Box Number: IFES_64
Tab Number: 79
Document Title: An nou mete Asanble yo kanpe
Document Date: 1990
Document Country: Haiti
Document Language: Creole
IFES ID: CE00798



* 3 7 8 B 1 8 E 6 - 6 1 C E - 4 E 1 5 - A A 2 F - 2 D 5 B A 2 2 9 A 2 6 E *

Reclayads



CEP - KEP

AYITI 1990

PWOGRAM EDIKASYON SIVIK

KONSEY ELEKTORAL PWOVIZNA

**An nou mete
Asanble yo kanpe**

RUC 5 01 0 = 1/8

AN NOU METE ASANBLE YO KANPE

Kisa ki ladan l

- A. Entwodiksyon : An nou fè tèt nou klè
 - B. Ki sa Asanble yo ye ?
 - C. Chema Asanble Kominal
 - D. Chema Asanble Depatmantal
 - E. Pazapa pou nou fòme Asanble a : Ti gid
 - F. Fèy pwogram pou Asanble a
 - G. Otonomi Komin yo. Sa li vle di ?
-

PWOGRAM EDIKASYON SIVIK 1990
KONSEY ELEKTORAL PWOVIZWA



A. ENTWODIKSYON

AN NOU FÈ TET NOU KLE

Depi ~~dit nan tan~~ ^{Di 3 Sanblè} pèp Ayisyen pa gen òganizasyon ak enstitisyon ki reprezante enterè majorite moun nan peyi a, ki pèmèt yo patisipe nan desizyon k ap pran konsènan lavi yo. Se pa ~~pa~~ ^{pa} aza, ni tou se pa de venn... ti gwoup moun, sektè ki toujou sèvi ak leta pou kontwole resous peyi a, pou jwi gwo privilèj sou kouraj pèp la, toujou òganize, mete sou pye enstitisyon pa yo osnon yo sèvi ak enstitisyon peyi a pou anpeche pèp la òganize l. Yo fè lwa yo vle. Yo aplike yo jan yo vle, osnon yo entèprete lwa yo selon enterè yo.

Gen de lè tou, yo rive ekri bèl lwa, men se pou laparad. Se pou bèbèl. Yo pa gen okenn entansyon aplike yo. Eitou yo p ap janm ni vle, ni kapab fè l yo menm. Si yo ta fè l, yo ta pèdi pozisyon yo, privilèj yo.

Konsititasyon 29 Mas 87 la gen ladan l kèk pati ki ka sèvi pou pèp la monte òganizasyon pa li, enstitisyon pa li.

Nou dwe rekonèt lè nou annafè ak leta, ak lalwa, se sou baz lwa ki la yo nou sètoblige baze nou, vle pa vle, wè pa wè. Jouk lè nou ka gen ase fòs pou nou chanje lwa ki pa anfavè nou epitou garanti nou ka defann lwa ak enstitisyon nou mete

sou pye pou defann enterè nou.

Nou menm, sou bò pa nou, nou anreta epitou, y ap chache retade nou chak jou pi plis, pa tout mwayen : Divizyon nan eleksyon, bèl pwomès, konfizyon ak lide dwategòch. Y ap voye nou nan chimen jennen, nan move pis, y ap chache detounen lespri nou, fòs nou, sou sa ki pi enpòtan pou nou : òganizasyon pa nou.

Kesyon nou dwe reponn jounen jodi a se pa si nou fanatik konstitisyon oswa nou pa annafè ak konstitisyon. Kesyon nou sètoblije poze tèt nou se :

Eske pèp la gen òganizasyon pa li ki byen kanpe ? NON? Konstitisyon se papyè... men, se sèl lè pèp la mete kanpe òganizasyon ak enstitisyon k ap sèvi enterè li, li a kapab chanje konstitisyon, chanje lwa. Se sèl fòs nou nan òganizasyon pa nou ki ka fè nou rive chanje sa ki pa bon pou nou, trase nouvo liy pou fè zafè peyi a mache nan sans enterè nou. Pa gen lòt mwayen.

Konsa, nou kwè li enpòtan pou òganizasyon ki vle lite bò kote pèp la, rantre nan sen pèp la, nan tout sektè, nan kat kwen peyi a pou òganize ak pèp la. Pou ede pèp la mete sou pye estrikti pa li, òganizasyon pa li, enstitisyon pa li.

Se nan travay pratik sila a ke òganizasyon yo ap ~~travay~~ inite y ap chache a. Se nan lit sa a chak

òganizasyon ap konsolide tèt yo epitou y ap mare kòd lonbrit yo ak pèp la tout bon vre.

Konstitisyon pa konstitisyon, nou bezwen estrikti pa nou. Travay sa a dwe tanmen touswit. Nou anreta anpil. Nou pa ka rete tann yo ba nou dat ak lè.

An nou sispann pale mete la. An nou sispann ^{moute} monte desann. An nou fè sa ki nesèsè pou enterè nou ka garanti tout bon. Nou dwe sispann mete tout fòs nou nan rele ABA. Sispann mache nan wout lènmi trase pou pèdi nou.

An nou louvri chimen pa nou. Lè a rive pou nou aji. An nou konsidere travay sa a ak tèt klè.

B. ASANBLE SEKSYON YO, POU KI SA? KI SA YO YE ? KI TRAVAY YO ?

Eske nou remake, chak prezidan ki moute, kèlkanswa jan li monte a, premye bagay li fè se òganize pouwa a yon fason ki nan enterè moun li reprezante ak enterè pa li. Chak fwa, yo pa jwenn anyen anfas yo pou di non. Pèp la pa òganize pou li reprezante enterè pa li. Pou li mete pwogram, bezwen li ak solisyon pa li devan. Ni tou, li pa òganize pou li asire l pou tèt pa l ke li ka fè pwogram li pase epitou defann li. Jounen jodi a, li klè pou tout pèp la, li pa ka konte sou pwomès okenn moun. Se

lite li dwe lite pou dwa li. Men tou li p ap janmen jwenn satisfaksyon si li pa monte bon jan òganizasyon, si li pa mete enstitisyon pa li kanpe.

KOTE OGANIZASYON PA NOU ?

Si nou pa òganize nou, se lòt moun k ap toujou deside pou nou. Fòs ki kont pwogrè pou pèp la ap toujou pran pye sou nou. Y ap toujou sèvi ak nou jan yo vle, meprize nou, bat nou, touye nou.

Nou dwe òganize dekwa pou nenpòt moun ki ta monte sou pouvwa a gen yon sèl travay, yon sèl manda : “ADMINISTRE VOLONTE PÈP LA”; konsa nou dwe :

- Konsantre kouray nou, enèji nou, pwofite moman sa yo pou nou monte òganizasyon, enstitisyon popilè ki reprezante pèp la, ki ap sèvi enterè li. Enstitisyon popilè yo, se responsabilite pa nou pou nou òganize yo, mete yo sou pye, chita fondasyon yo nan kat kwen peyi a. Si nou pa pran kesyon sa a nan men pa nou, pyès moun p ap vini fè l pou nou.

Enstitisyon popilè sa yo dwe rete kòm eritaj pou pitit pitit nou, yo dwe rantre nan mès pèp la pou toutan.

- Nan gwo moman mobilizasyon sa yo, kote fòs nou ak lespri nou mobilize pou chache mwayen

liberasyon, chimen chanjman, nou dwe rekonèt karebare ke san òganizasyon nou p ap janmen kapab fè pi plis pase pran lari tanzantan. Nou dwe mete ansanm pou nou monte pwogram nou. Ladann, n ap lonje dwèt sou pwoblèm nou epitou n ap bay solisyon nou wè ki anfavè nou.

- Nou dwe òganize Asanble nan chak seksyon, nan tout komin yo pou nou mete nan men fonksyonè yo, yon plan, yon pwogram ki chita sou bezwen popilasyon an sou revandikasyon li. Konsa, lè nou mete ansanm tout pwogram seksyon yo, n a jwenn pwogram komin yo. Tout pwogram komin yo va bay pwogram depatman yo. **Se pwogram tout depatman yo ki va trase plan pou gouvènman an swiv pou tout peyi a.**

Gou...

POU KI SA ASANBLE YO ?

Diskisyon sou pwoblèm peyi a, sou pwoblèm ke pifò nan pèp la ap sibi nan mwèl yo, pa ka kontinye ap fèt nan ti wonn fèmèn. Nan ti sèk moun isit ak moun lòt bò dlo k ap toujou chache avantaj pou tèt pa yo ak pou gwoup moun pa yo. Pwoblèm peyi a, sitiyasyon pèp la dwe pale nan mitan pèp la. Se pèp la li menm ki gen devwa ak dwa pou li òganize tèt li pou li chita tandè, kontre koze sou pwoblèm li.

Se yon dwa ak yon devwa tout lwa, tout konstitisyon nan peyi d Ayiti tankou nan tout lòt peyi

rekonèt pou tout pèp.

Nou dwe sèvi ak dwa sa a. Nou dwe ranpli devwa sa a. Se nan kontre koze, chita tandè li menm, nan Asanble li mete sou pye, ke pèp la ap trase plan travay pou chak zòn, pou tout peyi a. Se nan Asanble yo pou pèp la pran desizyon ak dizon pou òganize peyi a, yon fason pou tout moun ka travay, pou peyi a devlope.

Depi popilasyon an pa òganize l pou l pran dizon sou solisyon pwoblèm li, se toujou yon ti ponyen moun k ap toujou deside tout sa k ap fèt, k ap bay kouman pou bagay yo mennen nan peyi a. (Gade eta peyi a, pèp la ye jounen jodi a.)

- Asanble yo, se kote peyizàn diskite tout pwoblèm y ap viv nan lokalite yo, tout pwoblèm yo genyen ak tout sa yo kwè ki dwe fèt, ki ka fèt pou yo ka travay, fè plis manje, diskite pwoblèm pou mete travay, zouti travay, òganizasyon travay.
- Asanble yo se pou fanm mete pwoblèm yo devan. Pwoblèm pitit, lekòl, pwoblèm achte, vann, lavi chè, laswenyay pou fanm yo, pou lokalite yo.
- Asanble yo se pou jèn fanm ak jèn gason reflechi sou pwoblèm yo, pwoblèm peyi a, pou yo chache ansanm ak tout pèp la solisyon ki ka garanti avni yo; kote yo ka ofri kouraj yo pou pote kole nan gwo travay òganizasyon ak travay pou bati yon peyi kote pitit yo p ap viv nan mizè; kote yo menm

ka fè jou louvri pou yo travay, etidye.

- **Asanble yo se pou tout pèp la pran zafè l nan men, pou gen jistis ak lapè nan peyi a.**

KI SA KONSTITISYON 87 LA DI SOU ZAFE ASANBLE YO ?

Konstitisyon 87 la, depi nan premye liy li, rekonèt dwa tout pèp la pou li patisipe nan tout desizyon k ap pran sou sa ki konsènen lavi li. Men tou, pi devan, Konstitisyon an bay pa ki mwayen, sou ki fòm pou pèp la patisipe.

Atik 63.1 Asanble Seksyon yo

Konsèy Administrasyon Seksyon Kominal la gen yon Asanble Seksyon Kominal pou ede li nan responsabilite li.

Atik 64 Obligasyon Leta nan Seksyon yo

Obligasyon Leta, se pou li tabli nan chak seksyon kominal tout sa ki endispensab pou fòmasyon sosyal, ekonomik, sivil ak kiltirèl popilasyon an.

Atik 67.1 Asanble Minisipal la

Gen Asanble Minisipal ki la pou ede Konsèy la nan misyon li. Se reprezantan chak Seksyon Kominal yo sitou ki va nan Asanble Minisipal la.

Atik 73 Asanble a dwe jwenn rapò toutan

Se nan avantaj Komin nan sèl Konsèy Minisipal la fèt pou li dirije tout sa komin nan posede. Li gen kont pou li rann Asanble Minisipal la ki sou bò pa li, li fèt pou li fè rapò bay Konsèy Depatmantal la tou.

Atik 74 Asanble a gen dizon l pou l bay sou tout bagay

Se Konsèy Minisipal la an premye ki la pou dirije byen fonsye prive leta ki nan Komin li. Okenn trafik pa kapab fèt ak byen an yo san Asanble Minisipal la pa bay dizon li anvan.

Atik 175 Asanble Kominal yo chwazi moun ki pou nonmen kòm jij

Se Prezidan Repiblik la ki va nonmen jij Kou Kasasyon yo. Li va chwazi yo nan lis non twa moun Lachanm Senatè yo va voye ba li pou chak plas vid ki genyen. Lis non kandidate pou jij Koudapèl ak Tribinal premye enstans yo, se Asanble Depatmantal konsène a ki va voye li. Lis non kandida jij depè yo, se Asanble Kominal konsène a ki va prepare li.

Atik 77 Depatman yo granmoun tèt yo

Chak Depatman sèl mèt, sèl jij tout byen

li genyen. Li granmoun.

Atik 80 Gen Asanble pou chak Depatman

Gen yon Asanble Depatmantal ki fòm ak reprezantan chak Asanble Minisipal yo pou ede Konsèy la tout tan nan travay li.

Atik 80-1 Moun ki gen dwa asiste reyinyon Asanble Depatman an

Gen lòt moun ki gen dwa asiste reyinyon Asanble a. Yo kapab patisipe nan diskisyon yo san yo pa gen dwa vote. Moun sa yo se :

- a) Depite ak Senatè Depatman an
- an) Yon reprezantan chak asosyasyon sosyopwofesyonèl osinon reprezantan sendika.
- b) Delege Depatmantal la.
- ch) Tout direktè tout sèvis piblik Depatman an.

Atik 81 Asanble a ap fè plan devlopman

L ap kolabore avèk Administrasyon Santral la pou yo fè plan devlopman Depatman an.

Atik 83 Asanble Depatman an dwe resevwa rapò

Se nan avantaj Depatman an sèl Konsèy

Depatmantal la fèt pou li dirije tout sa Depatman an posede. Li gen kont pou li rann Asanble Depatmantal la, ki sou bò pa li, fèt pou fè rapò bay Administrasyon Santral la.

Atik 87 Asanble tout Depatman yo kanpe

Yon Konsèy Entèdepamantal va tabli pou ede Pouvwa Egzekitif la nan travay li. Se chak Asanble Depatmantal ki va chwazi yon manm nan chak Depatman pou fòme Konsèy la.

Atik 87-1 Kontak dirèk ak Prezidan

Chak reprezantan va sèvi kontak ant Depatman li ak Pouvwa Egzekitif la.

Atik 87.2 Asanble tout Depatman ap fè plan ak pwojè pou tout peyi a.

Konsèy Entèdepamantal la, nan tèt ansanm ak Pouvwa Egzekitif la, yo va etidye epi yo va fè plan pou pwojè desantralizasyon ak devlopman peyi a sou pwen sosyal ak sou pwen ekonomik, sa vle di sou pwen komès, agrikòl epi endistriyèl.

Atik 87.3 Asanble tout Depatman yo dwe chita ak Minis yo.

Konsèy Entèdepamantal la fèt pou asiste reyinyon Konsèy Minis yo lè y ap diskite

sou sa ki gen rapò ak atik anvan yo. Manm yo gen dwe vote tou si gen vòt k ap fèt.

Atik 217 Asanble tout Depatman an gen dizon pa l sou pòsyon byen Leta pou Seksyon yo

Leta dekonsantre finans Repiblik la. Se Ministè sa konsène a ki plase pou dirije li. Pouvwa Egzekitif la, nan tèt ansanm avèk Konsèy Entèdepamantal la, yo travay sou lwa ki fikse konbe pòsyon epi ki kalite pòsyon byen Leta dispoze pou chak kolektivite teritwa a.

Atik 218 Pyès otorite pa gen dwa mete taks sou do Depatman yo san dizon yo

Tout enpo Leta vle pran sou moun, fòk se yon lwa ki parèt pou di sa. Kit se yon chay, kit se yon enpo pou yon Depatman, pou yon Komin, pou yon Seksyon Kominal, okenn moun pa gen dwa tabli yo san konsantman kolektivite teritwa sa yo.

Lè nou konsidere tout atik sa yo, nou ka wè kouman Konstitisyon trase wòl Asanble yo. Lè nou gade Atik 87.2 a ankò, nou dwe mande : **Kote Konsèy Entèdepamantal la pral pran plan pwojè, pwogram pou tout peyi a ?**

Se nan ranmase plan, pwojè, pwogram ki soti nan chak Asanble Seksyon yo ! !

Se nan kole pwogram sa yo ansanm Konsèy la va gen zouti nan men li pou li travay ak Gouvèman an. Kèlkanswa gouvèman ki la a, pèp la dwe gen pwogram pa li tou pare pou li. Se nou menm nan Seksyon yo ki pou bay plan nou, pwojè nou, pwogram nou. Se nou menm ki dwe bay majistra yo plan travay nou, pwogram nou. Dapre ke se nou menm yo reprezante, yo la pou fè sa nou di yo fè, selon mwayen ki nan komin nan. Yo dwe ba nou rapò sou sa nou ba yo fè.

DELEGE YO SE SEVITE ASANBLE YO

Se nou menm ki dwe chwazi moun nou konnen ki dakò pou defann enterè nou, ki dakò pou travay sou zòd Asanble a. Moun ki serye, ki onèt, ki fèm, ki pa nan magouy, ki pa sousou, moun ki p ap pèdi tèt yo devan lajan, se moun sa yo nou dwe mete kòm delege nou. Men tou, se pa moun nou pral annik voye konsa de men vid. Nou dwe mete zouti travay yo nan men yo, sètadi pwogram lokalite a, bezwen lokalite a, dispozisyon travay moun nan lokalite a.

ASANBLE YO DWE TRAVAY TOUTAN !

Fòk nou konnen byen, travay Asanble yo, se pa

yon sèl jou, lèfini tout bagay fini, nou remèt delege yo yon papye ki gen tout pwoblèm nou, n ale chita tann sa li ap pote, NON !!

- Asanble yo dwe fòme divès komite nan sen yo, tankou komite dlo, komite wout, komite lekòl, komite kochon, komite lasante, komite lajistis.
- Komite sila yo ap travay ansanm ak Konsèy Seksyon yo sou kesyon sa yo, Komite sa yo ap travay epitou y ap swiv pou tout Asanble a, pou tout lokalite a, sa k ap pase ak divès keksyon sila yo. Popilasyon Seksyon yo dwe jwenn rapò toutan.
- Asanble a gen pou li resevwa rapò chak tan nan men Konsèy Seksyon an sou avansman demach, òganizasyon osnon travay l ap fè. Manm Asanble yo pa dwe bliye ke se moun nan chak lokalite, chak bitasyon nan Seksyon yo ki voye yo nan Asanble a pou reprezante pwoblèm yo, enterè yo. Se konsa, manm Asanble yo dwe popilasyon an rapò sou sa k ap fèt. Yo responsab pou enfòmè, motive moun yo pou fè travay Seksyon an, pwogram Seksyon an mache.

AN NOU FE PREMYE PA YO

Se sa yo rele yon pèp ki pran zafè l nan men. Nou se yon pèp travayè. Asanble yo, se yon fason nou òganize pou nou fè travay mache nan lokalite nou, nan tout rakwen peyi a.


Asanble yo se sitou yon kote pèp la reyini pou li fè tèt ansanm sou pwoblèm li, pou li jwenn solisyon ansanm. Se pa kote pou kandida vini fè bèl pwomès. Se kote jèm divizyon pa ka leve. Pa gen plas pou magouyè. Enterè tout moun, pwoblèm ke tout moun nan lokalite a genyen, pi fò pase enterè yon moun, pi fò pase enterè gwoup moun.

Pou nou monte Asanble yo, pou nou fòme Asanble yo, nou dwe travay. Nou dwe travay ak metòd, ak disiplin. Pa yon disiplin avèg, yon disiplin ki chita sou konsyans bezwen chanjman ! Nesesite pou òganize pou nou ka travay pou chanjman ! Disiplin ki vle di pèsistans nan travay chak jou.

Lè nou konsidere tout sa ki di la a, nou ka konprann ke sa ki pral pase nan peyi a, direksyon zafè peyi a pran depann de nou menm. Li depann de fason chak moun deside angaje yo ak tout moun pou chanjman rive fèt nan sans enterè nou, nan sans enterè tout peyi a.


Bagay yo p ap fasil, yo p ap dous. Nou sòti lwen, nou gen anpil wout pou nou dekoupe. An nou fè premye pa yo ! Travay sa a nou pral tanmen an, se pou rezoud pwoblèm nou ka rezoud jodi a. Men tou, se yon fondasyon solid nou vle kanpe, pou jenerasyon k ap vini yo.

C. CHEMA ASANBLE KOMINAL



- Chak bitasyon voye delege yo nan Asanble Seksyon yo.
- Asanble Seksyon yo chwazi delege pou ale fòme Asanble Kominal la
- Asanble Seksyon yo moute plan, pwogram Seksyon an. Asanble a travay ak delege bitasyon yo pou sa.
- Asanble Seksyon yo voye delege pou fòme Asanble Kominal la, ale reprezante enterè moun ki nan Seksyon an, pwogram Seksyon an.
- Konsèy Seksyon yo dwe Asanble Seksyon yo rapò toutan
- Majistra yo dwe Asanble Kominal yo rapò toutan

D. CHEMA ASANBLE DEPATMANTAL



- Asanble Kominal yo voye delege pou fòm Asanble Depatmantal yo.
- Asanble Depatmantal yo nonmen yon Konsèy 3 manm ki dwe Asanble a rapò toutan.

Reprezantan Sendika ak Asosyasyon Sosyo-Pwofesyonèl gen dwa asiste reyinyon Asanble Depatmantal yo.

- Chak Asanble Depatmantal la nan tèt ansanm ak prezidan ak minis yo dwe etidye plan pou pwojè desantralizasyon ak devlopman peyi nan zafè ekonomik, endistriyèl, agrikòl, sosyal. Atik 87.2.
- Manm Konsèy Entèdepamantal la gen dwa asiste reyinyon minis yo epi tou vote lè gen vòt k ap fèt.

E. PAZAPA POU NOU FOME ASANBLE A

TI GID

Fòmè Komite Motivasyon

Chache pran kontak ak moun nan chak bitasyon. Chak katye. Pran kontak ak tout gwoupman, asosyasyon, klib, sendika ki nan Seksyon an.

Motive, esplike pou nou rive fè yon premye Asanble motivasyon kote pi plis moun posib va patisipe. Kote chak bitasyon va reprezante.

Asanble motivasyon yo va sèvi an menm tan kòm sesyon travay pou eksplike metòd pou Asanble a fòmè epitou fason pou moute pwogram Seksyon an.

Lòt objektif Asanble motivasyon yo se fikse dat pou :

- 1- Oganize Asanble nan chak bitasyon pou moute pwogram yo.
- 2- Chwazi delege pou voye fòmè Asanble Seksyon an.

Lè tout bitasyon fini moute pwogram yo epitou chwazi delege pou voye fòmè Asanble Seksyon an; nou dwe reyalize reyinyon pou tout delege bitasyon yo fòmè Asanble Seksyon an. Asanble an va gen pou li tanmen travay touswit :

- Rekonèt delege bitasyon yo;
- Nonmen yon sekretè pou anime deba yo;
- Nonmen yon sekretè pou ekri pwosè vèbal tout reyinyon yo;
- Nonmen yon sekretè ki gen kòm wòl pou li kenbe kontak ak tout delege yo.

Asanble a gen pou li mare ansanm pwogram tout bitasyon yo, tout katye yo, pou nou fè yon sèl pwogram pou Seksyon an. Lè travay sa a fini fèt, Asanble a, sa vle di tout delege yo, va apwouve li.

Asanble a dwe fòme plizyè komite nan sen li. Komite yo va okipe kesyon ki gen pou wè ak sa ki nan pwogram Seksyon an, tankou : Komite zafè dlo, Komite zafè taks, Komite zafè jistis; osnon tout komite Asanble a wè ki nesèsè pou fè pwogram Seksyon an vanse, pou kontwole avansman travay Seksyon an.

Asanble a gen pou li chwazi delege pou li voye fòme Asanble Kominal la. Delege sila a prale ak pwogram Seksyon an nan ponyèt li. Se devwa li, se dwa li pou li defann enterè moun nan Seksyon an.

Asanble Seksyon an va travay ansanm ak 3 moun Konsèy Seksyon an pou pwogram Seksyon an ka mache.

Asanble Kominal la va travay ansanm ak majistra yo dekwa pou pwogram Komin nan ka koumanse

mache. Sa vle di pwogram tout Seksyon yo.

Asanble Kominal la va òganize tèt li menm jan ak Asanble Seksyon yo. Li va nonmen sekretè. Li va fòme komisyon ki pou travay sou diferan seksyon ki nan pwogram Komin nan.

Asanble Kominal la va chwazi yon delege pou voye fòme Asanble Depatmantal la.

Asanble Depatmantal la va òganize tèt li fason li wè ki ta bon pou fè travay plan, pwojè, pwogram Depatman an mache epitou pou li travay ansanm ak prezidan, ak minis yo.

Chak Asanble Depatmantal va chwazi yon manm pou fòme Asanble Entèdepamantal la.

Tout delege Asanble yo voye, kit se pou fòme Asanble Seksyon, kit se pou fòme Asanble Kominal, Asanble Depatmantal, Asanble Entèdepamantal, delege yo dwe Asanble yo rapò toutan, sou travay y ap fè andedan Asanble yo.

Kouman pou animatè yo kondwi reyinyon yo?

1. Moun ki konvoke reyinyon an pran lapawòl pou di ki sa objektif reyinyon an ye, ki sa li pral pale : (sèvi ak pati A - B dokiman an pou eksplike.

Animatè a kanpe lè li fini pale, pou li pran kesyon epitou bay eksplikasyon. Li dwe chache fè Asanble a patisipe. Poze li kesyon sou sa li fèk pale a, yon fason ki mare ak sitiyasyon y ap viv,

pwoblèm y ap konfwonte. Animatè a kapab fè lòt moun ki nan asistans nan reponn kesyon ke Asanble a poze li. Li dwe toujou sèvi ak egzanp, fè moun yo bay egzanp.

2. Lè animatè a fini asire tèt li ke premye kozman an klè pou tout asistans la, li va pase nan pati E dokiman an. La sèvi avèk pati C ak D pou li bay plis eksplikasyon. Lè li fini eksplike pati sa yo, animatè a va kanpe yon lòt fwa pou li pran kesyon, bay eksplikasyon. Animatè a va toujou chache fè asanble a patisipe epitou sèvi ak egzanp. Tablo ak lakre kapab itil pou asistans nan wè chema ki nan pati C ak D a. Si animatè a gen plizyè kopi dokiman an li kapab mande asistans nan regwoupe pou li gade ansanm, osnon pase dokiman an pou tout asistans la gade.
3. Lè animatè a fini wè pati E, C, ak D yo li dwe pase nòmalman nan fòmasyon Komite Motivasyon pou reyalize Asanble Bitasyon osnon Asanble Seksyon yo.

Animatè a va mande asistans nan; selon moun ki ap asiste yo; pou yo bay chak lokalite ki reprezante, epitou asosyasyon, òganizasyon, gwoupman, *etc.* ki reprezante nan asistans la. Li ta bon pou Komite Motivasyon yo fòme avèk yon reprezantan chak lokalite, òganizasyon, *etc.*

Komite Motivasyon an va chache reyini touswit dekwa pou li moute plan travay. Komite a va reyini

yon lòt fwa pou li gade ansanm kote travay chak moun rive, epitou li va chwazi dat pou reyalize Asanble Bitasyon osnon Asanble Seksyon yo.

4. Pou fini, animatè a va travay ak fèy pwogram nan, fèy F la. Animatè a va asire l ke asistans nan patisipe anpil nan bay egzanp ki chita sou reyalite lokalite yo.
5. Pati G a, sou kesyon otonomi a va sèvi animatè a pou kore travay l ap fè ak fèy pwogram nan, fèy F la.

FEY PWOGRAM ASANBLE A		F
BITASYON : _____ KATYE : _____ LOKALITE : _____		SEKSYON : _____ KOMIN : _____ DEPATMAN : _____
SOU KESYON	KI PWOBLEM ?	KI SA KI DWE FET
WOUT		
LEKOL		
MACHE		
DLO		
TE		
JISTIS		
SANTE		
TRAVAY		

G. OTONOMI KOMIN YO

SA LI VLE DI

Otonomi vle di granmoun tèt. Li ka vle di tou endepandan kòm si ou gen tout afè w, ou pa bezwen zòt, ou pa bezwen anyen zòt. Eske chak komin nan peyi a ka di li pa bezwen zòt ? Li pa bezwen anyen nan men pyès moun ? NON !

Otonomi komin yo vle di yo dwe pran dispozisyon pou yo òganize tèt yo pou yo ka sèvi pi byen ak sa yo genyen. Yo ka sèvi pi byen ak sa y ap resevwa.

Otonomi vle di nou reskonsab tèt nou. Nou pran zafè nou nan men nou. Se pa dezòd. Se pa egoyis. Se pa ying yang.

Otonomi se yon dwa nou genyen. Se yon reskonsablite nou pran pou nou ka jwenn pwogrè.

Kidonk, nou dwe otonòm, granmoun tèt nou nan òganizasyon, nan enstitisyon ke nou mete sou pye nan komin yo pou nou patisipe nan tout desizyon k ap pran, kit se pou komin nan, kit se pou peyi a.

Se òganizasyon ak enstitisyon nou moute ak moun nou konnen ki nan enterè komin nan, pou dirije zafè komin nan, se enstitisyon nou mete sou pye pou moute pwogram nou, plan travay nou, pwojè devlopman nou.

Pwogram komin nan se fason pou li montre li

otonòm, li granmoun tèt li. Li konnen sa li vle, sa li bezwen.

Pandan l'ap moute pwogram li an granmoun, selon pwoblèm li, selon solisyon li wè ki anfavè li, popilasyon nan komin nan ap pran desizyon an granmoun, sou kouman pou li sèvi ak tout resous, tout richès ki andedan komin nan. Gade Atik 39, Atik 73 Konstitisyon an.

Sa vle di sous dlo. Sa vle di min ki anba tè. Sa vle di tè ki se domèn byen prive leta. Sa vle di okenn desizyon pa ka pran pou sèvi ak bagay sa yo san otorite, enstitisyon otonòm ki nan komin nan pa dakò.

Sa vle di enstitisyon ki nan komin nan gen pou yo bay dizon pa yo sou konbyen taks y ap mete sou aktivite ekonomik k ap fèt nan komin nan. (Atik 218 Konstitisyon an).

Sa vle di tou, enstitisyon nan komin nan dwe deside yo menm sou kouman pou yo sèvi ak lajan taks ki andedan komin nan.

An nou pran yon ti egzanp : Gen anpil komin ki pwodwi anpil kafe, anpil kakawo. Leta pran taks sou danre sa yo, men, li pa janm retounen lajan taks sila yo nan komin sa yo pou fè peyizan yo pwodwi pi plis kafe, pou fè wout, lekòl, sant sante... lajan sila yo pa sèvi pou anplwaye doktè, enfimyè, pwofesè.

Pran egzanp vil Okap, Petyon-Vil, kote gen anpil taks ki fè wout Pòtoprens. Vil yo, komin yo nan malsite

epitou lajan taks yo p ap sèvi pou rezoud pwoblèm ke yo ap viv. Pa gen mache, fatra moute disèt wotè. Manke lekòl...

Sa pa vle di gouvènman santral la pa dwe jwenn moso nan lajan k ap peye nan gwo vil yo, men popilasyon nan komin yo dwe bay dizon yo sou kouman pou lajan taks ki sòti nan komin yo sèvi. Popilasyon andeyò yo, nan seksyon yo, dwe jwenn moso nan lajan taks yo pou fè pwogram yo mache.

Gen yon lòt rezon ki fè otonomi komin yo gen plis enpòtans toujou. Sitou otonomi sou kesyon òganizasyon, enstitisyon ak administrasyon.

Lè tout sitwayen kapab patisipe nan desizyon k ap pran konsènan zafè komin yo, tout teknisyen, tout pwofesyonèl tankou doktè, agwonòm, pwofesè, enjenyè ak anpil lòt sitwayen bòn volonte, ap ankouraje epitou y ap jwenn plas yo karebare pou yo bay popilasyon komin nan bon jan sèvis; kit se kòm anplwaye, kit se kòm volontè.

Lè nou konsidere tout kesyon sa yo, li vini klè pou nou, li vini ijan pou nou òganize nou, bay tèt nou bon jan enstitisyon ak bon jan sitwayen dekwa pou nou pran dwa granmoun nou.

Sa peyi a va ye demen, fason peyi a va òganize depann de angajman nou pou lite. Kole zepòl, kole tèt pou sa chanje. **An nou mete Asanble yo kanpe.**

Handwritten text, possibly a signature or name, located in the center of the page.

Handwritten text, possibly a date or a short note, located to the right of the first block.

